



Istwa Hannah

Fanmi mwen te gen privilèj pou l travay ak Entèvansyon Bonè (Early Intervention, EI) pandan 2 lane ki sot pase yo. Pitit fi mwen te fèt prematire a 29 semèn jestasyon epi pedyat nou an te refere l touswit opre EI. Sant EI nou an te gen chans li te gen yon ansyen enfimyè NICU nan estaf li epi yo te mete li anchaj dosye nou an.

Kè n te grenn anpil epi nou te nève lè COVID fè sifas an 2020 epi nou te oblije tranzisyon nan sesyon ZOOM pou Entèvansyon Bonè chak semèn nou an. Se te definitivman yon aprantisaj entans pou tout moun ki te patisipe nan EI sou ZOOM, men finalman nou te atenn yon etap kote difikilte teknik yo pa t anpil epi nou te jwenn benefis nan EI vityèl la. Plis pitit fi nou t ap grandi, sepandan, sesyon vityèl yo te vin pi difisil, epi nou te kòmanse santi ke nou t ap pase prèske tout sesyon yo ap kouri dèyè Amelia ak yon konpitè.

Klèman, nou trè eksite epi nou eksite pou reprann sesyon EI fas-a-fas yo. Sepandan, nou te nève tou epi nou te deside pou remete pou pli ta sèvis lakay yo padan premye mwa a yo te ofri yo. Sant nou an bay plizyè kominote sèvis epi viris la te anpakte yo anpil, kidonk yo te reprann sesyon fas-a-fas ak pasyan an tankou anpil lòt sant EI nan Massachusetts. Mari m ansanm avèk mwen nou te rasire poutè pasyan sant EI te genyen konsènan repriz vizit fas-a-fas yo; sepandan, nou te kontinye ezite resevwa moun andeyò tibil nou an anndan lakay nou. Espesyalis EI nou an te konprann rezon pouki nou t ap ezite a epi nou te kontre avèk li san pwoblèm nan yon teren jen an katye a pou premye sesyon yo. Finalman, lè to vaksinasyon an te ogmante epi to enfeksyon an te bese, nou deside nou te alèz pou resevwa espesyalis nou an lakay nou ankò.

Kounye a n ap kontinye òganize chak semèn Entèvansyon Bonè lakay nou san danje ak kè kontan. Espesyalis nou lave men li touswit kou li antre epi tout adilt yo mete mask kòm sadwa. Amelia renmen sesyon EI li yo epi li te benefisye anpil ak sesyon “fas-a-fas” li yo. Nou rekonesan pou EI epi nou kontan l ap patisipe nan lavi Amelia!